

Yon travay imans, yon efò solid apre siklòn Ian

Release Date: March 8, 2023

LAKE MARY, Fla.— Kay. Lekòl. Plaj. Estasyon ponpye. Meri. Sistèm dlo ak egou. Pak, estasyon tren. Marinas. Lopital. Sant lwazi. Sant gadri. Waf yo. Pilye yo. Bilding sekirite piblik. Biwo lapòs.

Siklòn Ian se te fè menm ravaj nan Florid.

Tanpèt Kategori 4 ki te tonbe nan sidwès Florid 28 septanm 2022, se te twazyèm siklòn twopikal ki pi chè nan istwa Etazini, katriyèm pi gwo tanpèt ki frape Florid ak pi move kriz ke plizyè milye Floridyen te janm fè fas. Prèske sis mwa apre, li te lakòz youn nan pi gwo efò federal pou repon ak rekiperasyon nan istwa FEMA.

Sipò federal apati 6 Mas la totalize \$6.6 milya dola. Asistans Endividyèl FEMA te bay \$1.04 milya dola nan èd finansye a 383,081 kay nan 26 konte. Administrasyon Ti Biznis Etazini te apwouve \$1.73 milya dola nan prè dezans pou pwopriyetè kay, lokatè ak biznis. Pwogram Nasyonal Asirans Inondasyon an te resevwa 46,400 reklamasyon epi li te peye \$3.2 milya. \$636.8 milyon dola nan Asistans Piblik FEMA pou ranbouse depans lokal ak eta a pou repons ijans ak retire debri

Domaj ki soti nan siklòn Ian yo estime a \$112.9 milya dola, ki gen ladan pèt asirans ak pèt ki pa gen asirans, sa ki fè li [twazyèm siklòn ki pi chè ki frape Etazini, apre Katrina ak Harvey](#), dapre Sant Nasyonal Enfòmasyon sou Anviwònman (National Centers for Environmental Information, NCEI) NOAA ak Sant Nasyonal Siklòn (National Hurricane Center, NHC).

“Retablisman siklòn Ian se youn nan pi gwo operasyon Ajans Federal Jesyon Ijans te antreprann,” te deklare Federal Coordinating Officer Tom McCool. “N ap travay kole kole ak Divizyon Jesyon Ijans Florid (Florida Division of Emergency Management, FDEM) epi n ap nan travay la toutotan sa mande sa. Plis pase 1,400 anplwaye federal yo nan Florid jodi a. Operasyon sa a egzekite lokalman, jere pa leta epi sipòte pa gouvènman federal la. Sektè prive a, òganizasyon san bi



FEMA

Page 1 of 3

likratif ak kominote ki baze sou lafwa yo tout se patisipan aktif nan ede kominote sa yo rekipere yo.”

“Divizyon Jesyon Ijans Laflorid la rete angaje l pou l travay ak patnè lokal, eta ak federal nou yo pou navige nan pwosesis rekiperasyon k ap kontinye apre siklòn lan,” te deklare FDEM Director Kevin Guthrie. "Mwen vle remèsye ekip mwen an pandan y ap kontinye travay avèk dilijans nan Sant Operasyon Ijans Eta nou an ak sou tè a nan kominote ki afekte yo."

FEMA te bay asistans pou lokasyon ak lajan pou reparasyon debaz kay pou 73,532 fwaye. Yo te ebèje plis pase 4,500 fanmi tanporèman nan otèl pandan y ap chèche lojman alontèm, e pifò te jwenn lòt lojman. Depi 6 Mas, 530 fwaye te jwenn kle pou lojman tanporè FEMA, ki gen ladan trelè vwayaj, inite lojman manifaktire oswa kay apatman FEMA te lwe pou sivivan siklòn. Plis kay yo ap prepare pou lokasyon.

Eta Florid la ap bay ebèjman ki pa kongregasyon nan trelè vwayaj ak finansman FEMA k ap sipòte inisyativ sa a. Depi 6 Mas, 354 fwaye okipe trelè eta a. Eta a te atribye \$150 milyon dola bay Kooperasyon Finansman Lojman Laflorid pou ede fanmi ki afekte nan katastwòf la epi li ap bay lòt sipò pou sivivan yo.

Retire debri nan zòn ki pi frape yo te akselere lè FEMA te pèmèt pou egzansyon nan pwosesis aplikasyon an pa kèk jiridiksyon lokal yo, sa ki pèmèt nou ekonomize jiska sis mwa nan pwosesis pou retire debri yo.

Pou akselere evalyasyon domaj ak enspeksyon kay aplikan yo, FEMA te itilize sistèm enfòmasyon jeospasyo ak lòt teknoloji nan repons ak operasyon rekiperasyon.

FEMA te jere 57 Sant Rekiperasyon Dezas nan zòn ki afekte yo ak 138,000 vizit. Ekip Asistans Sivivan Katastwòf FEMA te vizite 354,615 kay. SBA te jere sis Sant Rekiperasyon Biznis ak de Sant Fèmti Prè.

Òganizasyon volontè yo te aktif depi tanpèt la te touche sou tè a. Plis pase 540 òganizasyon te ede sivivan yo avèk netwayaj, sipò finansye ak lojman, sante mantal ak lòt kalite sipò.

Depi nan kòmansman an, FEMA te aktive yon misyon Kowòdinasyon Rekiperasyon Entènajans solid, ki pote resous ki soti nan plizyè ajans federal pou



FEMA

Page 2 of 3

sipòte bezwen rekiperasyon eta ak lokal yo.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou rekiperasyon Florid apre Siklòn Ian, vizite floridadisaster.org/info and fema.gov/disaster/4673. Swiv [FEMA Region 4 \(@femaregion4\)](https://www.fema.gov/region4) / [Twitter](https://twitter.com/femaregion4) ak sou facebook.com/fema.



FEMA

Page 3 of 3